**Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение**
**«Средняя общеобразовательная школа №2» с.п. Чегем Второй**

# *Рабочая программа*

## ***Родной язык и литературное чтение на родном языке***

(образовательная область)

## ***Литературное чтение на кабардино-черкесском языке***

( наименование учебного предмета, курса)

## ***Начальное общее образование***

(уровень образования)

## ***2020-2021 учебный год***

(срок реализации программы)

***2020г.***

**Рабочая программа**
**учебного предмета «Литературное чтение на кабардино-черкесском языке (родном)»**
**на уровень начального общего образования**

## I. Пояснительная записка

Рабочая программа по **литературному чтению на кабардино-черкесском языке (родном)** на уровень начального общего образования составлена на основе Федерального государственного образовательного стандарта начального общего образования, примерной программы по предмету и реализуется на базе следующих учебников:

1 кл. Гугъуэт Л. Т., Гугъуэт Е. Ж, Зэхъуэхъу Л.Хь. Азбука Нальчик, «Эльбрус» 2017г.

2 кл. Багова Н., Гяургиева Х.З, Ержибова А.К. Анэдэлъхубзэ Нальчик, «Эльбрус» 2019г.

3 кл. Багова Н.А, ГяургиеваХ.З., Ержибова А.К. Нальчик, «Эльбрус» 2017г.

4 кл. Гугъуэт Л.Т. Анэдэлъхубзэ Нальчик, «Эльбрус» 2019г.

### Нормативные документы для составления рабочей программы

- Федеральный Закон «Об образовании в Российской Федерации» (от 29.12.№273-ФЗ).
- приказ Министерства образования и науки РФ «Об утверждении и введении в действие ФГОС НОО» от 6 декабря 2009 г. №373 (с изменениями и дополнениями).
- приказ Министерства образования и науки РФ «Об утверждении порядка организации и осуществления образовательной деятельности по основным общеобразовательным программам – образовательным программам начального общего, основного общего и среднего общего образования» от 30 августа 2013 года №1015.
- приказ Министерства просвещения РФ «Об утверждении федерального перечня учебников, рекомендуемых к использованию при реализации имеющих государственную аккредитацию образовательных программ начального общего, основного общего, среднего общего образования» от 28 декабря 2018 г. №345

Целью изучения учебного предмета «Литературное чтение на кабардино-черкесском языке(родном) является приобщение младших школьников к чтению, восприятию и осмыслению учебных, научно- популярных и художественных текстов, к ценностям культуры народа, формирование читательской компетентности обучающихся.

Данная цель конкретизируется при решении следующих задач:

• формирование читательского кругозора, развитие интереса к чтению и книге;

• совершенствование умений чтения вслух и про себя;

• приобретение опыта в выборе книг и самостоятельной читательской деятельности;

• развитие художественно-творческих и познавательных способностей, эмоциональной отзывчивости при чтении художественных произведений;

• обогащение нравственного опыта младших школьников средствами художественной литературы;

• формирование нравственных представлений о добре, дружбе, правде и ответственности;

• воспитание интереса и уважения к культуре адыгов и культуре народов многонациональной России.

### Планируемые результаты

**Личностные результаты**

1. Формирование чувства гордости за свою Родину, российский народ, историю России, историю КБР; осознание своей этнической и национальной принадлежности, формирование ценностей многонационального российского общества; становление гуманистических и демократических ценностных ориентаций.
2. Формирование целостного, социально ориентированного взгляда на мир в его органичном единстве и разнообразии природы, народов, культур и религий.

3. Формирование уважительного отношения к иному мнению, истории и культуре других народов.

4. Овладение начальными навыками адаптации в динамично изменяющемся и развивающемся мире.

5. Принятие и освоение социальной роли обучающегося, развитие мотивов учебной деятельности и формирование личностного смысла учения.

6. Развитие самостоятельности и личной ответственности за свои поступки, в том числе в информационной деятельности, на основе представлений о нравственных нормах, социальной справедливости и свободе.

7. Формирование эстетических потребностей, ценностей и чувств.

8. Развитие этических чувств, доброжелательности и эмоционально-нравственной отзывчивости, понимания и сопереживания чувствам других людей.

9. Развитие навыков сотрудничества со взрослыми и сверстниками в различных социальных ситуациях, умения не создавать конфликтов и находить выходы из спорных ситуаций.

10. Формирование установки на безопасный, здоровый образ жизни, мотивации к творческому труду, к работе на результат, бережному отношению к материальным и духовным ценностям.

**Метапредметные результаты**

1. Овладение способностью принимать и сохранять цели и задачи учебной деятельности, поиска средств её осуществления.

2. Формирование умения планировать, контролировать и оценивать учебные действия в соответствии с поставленной задачей и условиями её реализации, определять наиболее эффективные способы достижения результата.

3. Использование знаково-символических средств представления информации.

4. Активное использование речевых средств и средств для решения коммуникативных и познавательных задач.

5. Использование различных способов поиска (в справочных источниках), сбора, обработки, анализа, организации, передачи и интерпретации информации.

6. Овладение навыками смыслового чтения текстов различных стилей и жанров в соответствии с целями и задачами:
осознанно строить речевое высказывание в соответствии с задачами коммуникации и составлять тексты в устной и письменной формах.

7. Овладение логическими действиями сравнения, анализа, синтеза, обобщения, классификации по родовидовым признакам, установления аналогий и причинно-следственных связей, построения рассуждений, отнесения к известным понятиям.

8. Готовность слушать собеседника и вести диалог, признавать возможность существования различных точек зрения и права каждого иметь свою, излагать своё мнение и аргументировать свою точку зрения и оценки событий.

9. Определение общей цели и путей её достижения; умение договариваться о распределении функций и ролей в совместно деятельности; осуществлять взаимный контроль в совместной деятельности, адекватно оценивать собственное поведение и поведение окружающих.

10. Готовность конструктивно разрешать конфликты посредством учёта интересов сторон и сотрудничества.

11. Овладение начальными сведениями о сущности и особенностях объектов, процессов и явлений действительности в соответствии с содержанием учебного предмета «Литературное чтение на кабардино-черкесском языке (родном)».

12. Овладение базовыми предметными и межпредметными понятиями, отражающими существенные связи и отношения между объектами и процессами.

13. Умение работать в материальной и информационной среде начального общего образования.

**Предметные результаты**

1.Формирование первоначальных представлений о единстве и многообразии языкового и культурного пространства, о языке как основе национального самосознания.

2. Понимание обучающимися того, что язык представляет собой явление национальной культуры и основное средство человеческого общения;

3. Сформированность позитивного отношения к правильной устной и письменной речи как показателям общей культуры и гражданской позиции человека.

4. Овладение первоначальными представлениями о нормах кабардинского языка (орфоэпических, лексических, грамматических, орфографических, пунктуационных) и правилах речевого этикета.

5. Формирование умения ориентироваться в целях, задачах, средствах и условиях общения, выбирать адекватные языковые средства для успешного решения коммуникативных задач при составлении несложных монологических высказываний и письменных текстов.

6. Осознание безошибочного письма как одного из проявлений собственного уровня культуры, применение орфографических правил и
правил постановки знаков препинания при записи собственных и предложенных текстов. Владение умением проверять написанное.
7. Овладение учебными действиями с языковыми единицами и формирование умения использовать знания для решения познавательных,
практических и коммуникативных задач.
8. Освоение первоначальных представлений о системе и структуре кабардинского языка: фонетике и графике, лексике, словообразовании,
морфологии и синтаксисе; об основных единицах языка, их признаках и особенностях употребления в речи;
9. Формирование умений опознавать и анализировать основные единицы языка, грамматические категории языка, употреблять языковые единицы адекватно ситуации речевого общения.

## Содержание учебного предмета

## 1класс

## Къеджэк1эмрэ тхэк1эмрэ щыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм къызэщ1еубыдэ

**Псалъэмрэ псалъэухамрэ.** Дамыгъэ итхъахэр къагьэсэбэпаурэ бзэр псалъэухахэу, псалъэухахэр псалъэу, псалъэхэр пычыгъуэ-пычыгъуэу зэпаудыфу хуэм-хуэмурэ еджак1уэхэр егъэсэн.

**Пычыгъуэр, ударенэр.** Псалъэр пычыгъуэк1эрэ зэпыгьэщхьэхук1ын (зэпыудын), псалъэм ударенэр тегъэувэн (ударенэр макък1э къыхэгъэщхьэхук1ын, ударенэр зытелъ пычыгъуэр нэхъ хэкъузауэ къэпсэлъаурэ), псалъэухам и1э щытык1эр, псалъэр зэрызэхэт пычыгъуэ бжыгъэр еджак1уэхэм къахутэфу егъэсэн хуейщ.

**Макъхэмрэ хьэрфхэмрэ.** Адыгэбзэм и макъэхэм щыгъэгъуэзэн, щызэхэпхк1и къыщупсэлък1и макъзешэхэмрэ макъ дэк1уашэхэмрэ (дэгухэмрэ жьгъыжьгъхэмрэ) зэхэгъэк1ыфу егъэсэн: макъыр къыщапсэлък1э жьэ к1уэц1ым хьэуар хунту къыжьэдэк1рэ абы зыгуэр пэщ1эурэ, макъзешэхэм пычыгъуэ къагъэхьуу зэрыщытыр егъэщ1эн.

Макъхэр хэту псалъэ гуэрхэр къэгупсысын, псалъэм и къэпсэлъыкЬмрэ (абы и 1ук1эмрэ) ар зэрызэхэт макъхэм хуащ1а схемэмрэ зэрызэхуэк1уэр гъэбелджылын.

Мы лъэхъэнэм и 1эмал нэхъыщхьэр псалъэр зэрызэхэт макъхэмк1э зэпкъырыхынырщ, макъхэр псалъэу зэхэгъэувэнырщ, еджак1уэхэм я бзэм зегъэужьынырщ

## Азбукэр щрагъэдж лъэхъэнэ

## Къеджэк1э егъэщ1эныр

Макъзешэхэмрэ дэк1уашэхэмрэ, хьэрф зешэхэмрэ дэк1уашэхэмрэ.

Адыгэбзэм макъыу хэт псори егъэщЬн, нэгъуэщ1ым къипсэлъа макъыр и 1ук1эк1э еджак1уэхэм къац1ыхуфу, езыхэми а макъыр къапсэлъыфу егъэсэн.

Сыт хуэдэ зы макъми и зэрыб хьэрфри и 1эрытх хьэрфри егъэщ1эн, макъыр зэхебгъэхмэ, абы и хьэрфыр къагъэлъэгъуэфын, хьэрфыр ебгъэ- лъагъумэ, абы хуэк1уэ (къик1) макъыр ягъэ1уфу щытын хуейщ.

Хьэрфзешэхэм тещ1ыхьауэ пычыгъуэхэр зэпащщ1эу (зэпагъэувэу) къеджэн, хьэрф яджахэр зыхэт пычыгъуэхэм къеджэфу егъэсэн.

Хьэрф къыхэбзык1ахэр къагъэсэбэпурэ, пычыгъуэхэр псалъэхэр зэхалъхьэн (япэщ1ык1э ахэр зэрызэхэт макъхэмрэ хьэрфхэмрэ зэпкъырыхауэ, абыхэм дахэ-дахэу къеджэн).

Къызэджэр къагуры1уэу, къеджэк1э тэмэм я1эу, укъуэдияуэ пычыгъуэ- пычыгъуэрэк1э макъ ягъэ1уу псалъэ щхьэхуэхэм, псалъэуха мыинхэм зытепсэлъыхьыр еджак1уэхэм къемыхьэлъэк1 тхыгъэ к1эщ1хэм къеджэн, хьэрфхэр тэмэму ик1и зэрыхуэфэщэнк1э псынщ1эу къац1ыхуным тещ1ыхьауэ, псалъэм къызэреджэнум хуэзыунэт1 1эмалхэр (япэ щ1ык1э пычыгъуэк1эрэ зыпыуда, абы иужьк1э пкъыгъуэхэр къызыхэмыгъэщахэри хыхьэу), ударенэр зытелъ пычыгъуэр (ар и дамыгъэмк1э къыщыгъэлъэгъуар) къыхагъэщу.

Псысэхэм ящыщ 1ыхьэ щхьэхуэхэм, усэ тынш дыдэм, сабий уэрэдхэм хэт псалъэхэм хуэдэхэр гук1э зрагъэщ1эн, ахэр япэ щ1ык1э егъэджак1уэм кЬлъыжаЬурэ тэмэму къапсэлъу зрагъасэу. Мы лэжьыгъэр тэмэму кьызэгьэпэщыным мыхьэнэ и1эщ.

А щ1ык1эм тету зрагъащ1апхъэхэм ящыщщ «Адыгэ алфавит» жи1эу Багъ Н.А., Щоджэн Леонид и «Ц1ык1ураш и хьэрфхэр»-м хыхьэ усэ ц1ык1ухэр. Япэ гъэ еджэгъуэм и к1эм псалъэ 15-20 хуэдиз зы дакъикъэм еджак1уэр пычыгъуэк1э зэпыудауэ къеджэфмэ, тэмэмщ.

**Тхэк1э егъэщ1ныр.**

Еджак1уэхэр тэмэму щысыным хуегъэсэн хуейщ. Ахэр щытхэк1э зэрызэф1сын хуей щ1ык1эм егъэсапхъэщ: тетрадыр тэмэму (т1эк1у сэмэгурабгъумк1э хуешэк1ауэ щытын хуейщ. Щытхэк1э е сурэт щащ1к1э къэрэндащыр е къалэмыр тэмэму зэра1ыгъын хуей щ1ык1эр егъэщ1апхъэщ ипэ махуэхэм къыщыщ1эдзауэ.

Хьэрфхэм я лъагагъын хуейр, абыхэм я зэхуакур (зэрызэпэпыхар зыхуэдизыр) нэк1э ягьэбелджылыфыным хуэзыгъасэ, 1эбэлагъым, 1эпэхэм зезыгъэужь лэжьыгъэхэр егъэк1уэк1ын: хъурей ц1ык1у къегъэтхъыхьын, итхъахэмк1э зэпыщ1эн, тхыпхъэщ1ыпхъэ гуэрхэр егъэщ1ын, я 1эщ1ыр егъэшыт1эн.

Еджак1уэхэм псалъэхэмрэ псалъэухахэмрэ къытрегъэтхык1ын (япэщ1ык1э 1эрытхым, иужькк1э зэрыбу тедзам). Къатратхык1ар тэмэмрэ мытэмэмрэ къэпщытэжын, къызытратхык1ам ирагъэпщэжурэ, пычыгъуэк1эрэ къеджэурэ, псалъэ къытратхык1ахэм пэжырытхэмк1э щыуагъэ хэтрэ хэмытрэ зэпалъытэурэ.

**Къабзэу тхэныгъэ.** Еджэгъуэ щхьэхуэ хухахыркъым. Дэтхэнэ зы тхыгъэ л1ужьыгъэми къыдэк1уэу пэщ1дзэ классипл1ми щыгъэзэщ1эн хуейщ еджак1уэхэр къабзэу, дахэу, кьихыгъуаф1эу ик1и 1эмал зэри1эк1э нэхъ псынщЫуэу тхэф хъуным хуэунэт1а лэжьыгъэхэр. ТхэныгъэмкЬ ягъэзэщЬну лэжьыгъэхэр езанэ классым е еджэгъуэм и пэм е и к1эм хуэгъэзэн хуейщ, дакъикъи 10 хуэдизк1э.

къызэк1элъык1уэк1энур дэтхэнэ классми езым и программэм къыщыгъэлъэгъуащ, ахэр щагъэзэщЬну нэхъ къыщезэгъыр урокхэм деж езы егъэджак1уэр зэреплък1э игъэувыну хуитщ.

**Жьабзэм зегъэужьыныр.**

Адыгэбзэм и макъэр тэмэму къагъэсэбэпыфу егъэсэн. Еджак1уэхэр щыпсалъэми нэгъуэщ1хэм щеда1уэми зэхах бзэм абыхэм гулъытэ нэс хуащ1у егъэсэн, макъ къэзыгъэлъагъуэ органхэм зегъэужьыным хущ1экъун. Псалъэк1эмк1э я1э есэныгъэмрэ зэф1эк1хэмрэ егъэф1ак1уэ зэпыту щыгъэтын: мып!ащ1эу, зэп1эзэрыту псалъэным хуегъэсэн, щыпсалъэк1э хьэуар тэмэму жьэдэшэным ику ит макък1э (мык1ийуэ ик1и мыщэхуу) псалъэу, хуей щыхъум, макъым зрагъэ1эту е ягъэлъахъшэу егъэсэн. Псалъэ псори къэпсэлъынымк1э ягъуэта гъэсэныгъэмрэ, я1э хъуа зэф1эк1ымрэ нэхъри егъэф1эк1уэн, псом хуэмыдэу ахэр зэрызэхэт макъ, пычыгъуэхэр, къэпсэлъык1эм (орфоэпием) и хабзэхэм къезэгъыу, абы тещ1ыхьауэ ударенэр тэмэму псалъэм трагъэувэу, Адыгэбзэм и макъхэр тэмэму, щыуагьэншэу къэпеэлъыным, хуегъэсэн псынщ1эрыпсалъэхэр, къебжэк1хэр, усэ ц1ык1ухэр, н, еджэгъуэ къэс къэгъэеэбэпкЬрэ. Еджак1уэ щхьэхуэхэм я бзэм дагъуэ ээриЬм къыхэк1ыу, мытэмэму къапсэлъ макъхэр гъэзэк1уэжыным еджэгъуэм щелэжьын.

**Псалъэм зэрелэжьыпхъэр**. Еджак1уэхэм ящ1э псалъэ бжыгъэр гъэбелджылын, абы хэгъэхъуэн ик1и ахэр жыджэру къагъэсэбэпу егъэсэн. Псалъэхэр 1эк1уэлъак1уэу къэсэбэпын - предметхэм, 1уэхущ1афэхэм зэреджэр - абыхэм къагъэлъагъуэ мыхьэнэр къыжаЬфын. Предметхэм я щытыкЬхэм тещ!ыхьауэ ахэр зэрызэгухьэ е зэрызэщхьэщык1ыр убзыхун, къызэщ1эзыубыдэ мыхьэнэ зиЬхэмрэ (п.п. щыгъын: джанэ, гъуэншэдж, бостей. 1эльэщ1, пы1э, вакъэ, н.) апхуэдэу щымытхэмрэ (п.п., сэ,уадэ, 1эдэ, лэныстэ, джыдэ, бел, н.) къагъэсэбэпыфу егъэсэн. Литературэбзэм темыхуэу щ1ып1э псалъэк1эхэм (диалектхэм) хуэдэу дызыщрихьэл1э 1уэхугъуэхэр еджак1ухэм я бзэм зэрыхэгъэк1ыным ерыщу ик1и зэпыугъуэ имы1эу елэжьыпхъэщ.

**Псалъэухахэмрэ къэ1уэтэныгъэ зэпхахэмрэ егъэлэжьыныр.**

Еджап1эм къыщ1эмыт1ысхьэ щ1ык1э еджак1уэхэм бзэмкк1 (псалъэк1эмк1э) ягъуэта есэныгъэхэр егъэфЬк1уэн, абыхэм зегъэужьын. Еджак1уэм игъэува упщЬм егупсысауэ абы и жэуапыр гупсэхуу етын, жэуап щаткЬ псалъэуха лЬужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр къагъэсэбэпыфу егъэсэн.

Зыри дамыут1ыпщык1ыу, зэбламыгъэувык1ыу, зэрыщытым хуэдэу, зэ жа1ам къытрамыгъэзэжу псысэ е хъыбар к1эщ1 гуэр къегъэ1уэтэжын (егъэ- джак1уэм игъэув упщ1эхэм теухуауэ).

Псалъэуха е тхыгъэ къызэджахэм теухуа егъэджак1уэм и упщ1эхэм жэуап тэмэм иратыфу егъэсэн.

Къызэджа зы 1уэхугъуэ гуэрым ехьэл1а псалъэ зыбжанэ къагъэсэбэпурэ, жьэры1уатэу зыгуэрым и сурэт къещ1ын. Зыщыгъуазэ гуэрыр затепсэлъыхьым пыщэн, езым къагупсыса гуэрхэр хэту. Еджак1уэр къызэджа. тхыгъэр зытепсэлъыхьым ещхьу езым и гъащЬм зыщрихьэл1э гуэр, егъэджа- к1уэм ярита сюжетым ипкъ итк1э, гупсэхуу къа1у-атэжыфу егъэсэн.
Сабийхэм я ныбжьым хуэк1уэу къуажэхьхэм убгъуауэ тепсэлъыхьын, усэ ц1ык1у, псынщЬрыпсалъэ, псалъэжь, къебжэк1 гуэрхэр гук1э зрегъэгъэ-щ1эн, ахэр зытеухуар къа1уатэжыфу, хуэфэщэн къэпсэлъык1эк1э макъ зэ-хъуэк1 ящ1ыфу егъэсэн.
Зы сурэт гуэрым е сурэт зыт1ущым япкъ итк1э псалъэуха зыбжанэ зэхегьэлъхьэн, зы 1уэхугъуэ гуэркЬ (темэкЬ) къызэщ1эубыда хъуурэ е хъыбар к1эщ1 ц1ык1у зэхегьэлъхьэн.

**Азбукэ нэужь лъэхъэнэ**

Мы лъэхъэнэм макъхэмрэ хьэрфхэмрэ яухауэ азбукэм ит тхыгъэхэм еджэн щ1адзэ. Еджап1эм къыщ1эмыт1ысхьэ щ1ык1э еджак1уэхэм бзэмк1э (псалъэк1эмк1э) ягъуэта есэныгъэхэр егъэф1эк1уэн, абыхэм зегъэужьын хуейщ. Еджак1уэм игъэувa упщ1эм егупсысауэ абы и жэуапыр гупсэхуу ириту, жэуап щаткЬ псалъэуха лЬужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр къигъэсэбэпыфу егъэсэн хуейщ.
Зыри дамыут1ыпщык1ыу, зэбламыгъэувык1ыу, зэрыщытым хуэдэу, зэ жа1ам къытрамыгъэзэжу псысэ е хъыбар к1эщ1 гуэр къа1уэтэжыфын, къызэджа зы 1уэхугъуэ гуэрым ехьэл1а псалъэ зыбжанэ къагъэсэбэпурэ, жьэры1уатэу зыгуэрым и сурэт ящ1ыфын, зыщыгъуазэ гуэрыр зытепсэлъыхьым пыщэн, езым къагупсыса гуэрхэр хэту. Еджак1уэр къызэджа тхыгъэр зытепсэлъыхьым ещхьу езым и гъащ1эм зыщрихьэл1а гуэр, егъэджак1уэм ярита сюжетым ипкъ итк1э, гупсэхуу къа1уатэжыфу егъэсэн.
Сабийхэм я ныбжьым хуэк1уэу къуажэхьхэм убгъуауэ тепсэлъыхьын, усэ ц1ык1у, псынщ1эрыпсалъэ, псалъэжь, къебжэк1 гуэрхэр гук1э зрегъэгъэщ1эн, ахэр зытеухуар къа1уатэжыфу, хуэфэщэн къэпсэлъыкЬкЬ макъ зэхъуэк1 ящ1ыфу егъэсэн. Зы сурэт гуэрым е сурэт зыт1ущым япкъ итк1э псалъэуха зыбжанэ зэхегъэлъхьэн, зы 1уэхугъуэ гуэрк1э (темэк1э) къызэщ1эубыда хъуурэ е хъыбар к1эщ1 ц1ык1у зэхегъэлъхьэн. Адрей сабийхэм къат жэуапым набдзэгубдзаплъэу, гуапэу хущыту (ауан, щ1энак1э сыт хуэдэхэр 1уэхум хэмылъу) щ1эдэ1уу еджак1уэхэр егъэсэн, абыхэмк1э есэныгъэф1рэ щ1эныгъэф1рэ егьэгъуэтын.

**2 класс**

**Къызэджэнухэр нэхъ зытеухуар.**

**1уэры1уатэ.** Адыгэ 1уэры1уатэр зэрызэхэт л1эужьыгъуэхэр: псысэхэр, уэрэдхэр, хъыбархэр, псалъэжьхэр. Нэгъуэщ1 лъэпкъхэм я 1уэры1уатэм щыщхэм щыгъэгъуэзэн.

**Ди ныбжьэгъуф1 псэущхьэхэр.** Унэ псэущхьэхэмрэ псэущхьэ 1элхэмрэ ятеухуа хъыбархэр, усэхэр, псысэхэр, къуажэхьхэр, нэщэнэхэр. Ц1ыхухэм псэущхьэхэм хуа1э хущытык1эхэр къызы- хэщ тхыгъэхэм щыгъуазэ щ1ын.

**Бжьыхьэр.** Бжьыхьэм и зэман зэмыл1эужьыгъуэхэм (бжьыхьэпэм, бжыхьэкум, бжьыхьэк1эм) теухуа тхыгъэхэр. Бжьыхьэм псэущхьэхэм я гъащ1эр. Бжьыхьэ лэжьыгъэхэр къызыхэщ тхыгъэхэр.

Ц1ыхухэм бжьыхьэ дунейм хуа1э щытык1эр. Бжьыхьэм дунейм и щытык1эхэм теухуа экскурсие.

**Къалэмрэ къуажэмрэ.** Ц1ыхухэм къалэмрэ къуажэмрэ ща1э гъащ1эр къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэхэр: усэхэр (уэрэдхэр), хъыбархэр, рассказхэр.

Къалэмрэ къуажэмрэ щы1э лэжьыгъэхэр къызыхэщ тхыгъэхэр. Заводхэм, фабрикэхэм, ухуэныгъэ хуэ1ухуэщ1эхэм, 1уэхущ1ап1э щхьэхуэхэм щек1уэк1 лэжьыгъэр. Къуажэ губгъуэм ща- гъэзащ1э лэжьыгъэхэм теухуа тхыгъэхэр.

Къалэмрэ къуажэмрэ я1э зэпыш1эныгъэхэр.

**Дапщэщи щапхъэу щыт.** Ц1ыхухэм я зэхущытык1эф1ым, хьэл-щэн дахэм, ц1ыхугъэ лъагэм, зэныбжьэгъугъэ нэсым теухуа тхыгъэхэр. Еджак1уэхэм я гъащ1эмрэ я 1уэхущ1афэхэмрэ, я зэныбжьэгъугъэмрэ я зэхущытык1эф1хэмрэ къызыхэщ тхыгъэхэр. Ц1ыхухэр зэхуэгущабэу, зыр адрейм хуэсакъыу щытыным теухуа тхыгъэхэр.

**Щ1ымахуэр къихьащ.** Щ1ымахуэ зэманым балигъхэмрэ сабийхэмрэ я гъащ1эр, я 1уэхущ1афэ нэхъыщхьэхэр къызыхэщ тхыгъэхэр. Ш1ымахуэм мэзым, губгъуэм, псыежэххэм я1э щытык1эр.

Балигъхэм щ1ымахуэм ягъэзащ1э лэжьыгъэхэм, сабийхэм дунейм хуа1э щытык1эм теухуа усэхэмрэ хъыбархэмрэ.

Псэущхьэхэмрэ хьэпщхупщхэмрэ я щ1ымахуэ гъащ1эр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэр.

Щ1ымахуэм дунейм и щытык1эхэм теухуа экскурсие.

**Лэжьыгъэф1к1э хэкур догъэлъан1э.** Лэжьыгъэ зэмыл1эужьыгъуэхэм, 1эщ1агъэ щхьэхуэхэм, ц1ыху псоми я сэбэпынагь зыхэлъ лэжьыгъэ гуэр блэжьыныр зэрыгуф1эгъуэм, зэрынасыпым, лэжьыгъэм ц1ыху гъаш1эм **щи1э** мыхьэнэр къызыхэщ усэхэмрэ рассказхэмрэ. Лэжьыгъэм теухуа адыгэ псалъэжьхэр, нэщэнэхэр.

**Хэкум и хъумак1уэхэр.** Ди къэралыдзэр къызэрыхъуамрэ Граждан зауэр зэрек1уэк1амрэ ятеухуа тхыгъэхэр. Хэку зауэшхуэм ди зауэл1хэм щызэрахьа л1ыхъужьыгъэмрэ къахьа тек1уэныгъэмрэ къыщыгъэлъэгъуа усэхэмрэ хъыбархэмрэ. Иджырей зэманым ди сэлэтхэмрэ абыхэм я унафэш1хэмрэ я гъащ1эр, я 1уэхущ1афэхэр къызыхэщ тхыгъэ зэмыл1эужьыгъуэхэр.

Хэкум теухуа адыгэ псалъэжьхэм щыгъэгъуэзэн.

**Ц1ыхубзхэм я Дунейпсо махуэшхуэ.** Ц1ыхубзхэм (анэхэм, анэшхуэхэм, шыпхъухэм, анэ-адэ шыпхъухэм, нэгъуэщ1хэми) яхуэфащэ щытык1эф1ым, щытык1э дахэм, яхуэсакъыным теухуа тхыгъэхэр. Абыхэм пщ1эрэ гулъытэ нэсрэ яхуэш1ыныр къызыхэщ усэхэмрэ рассказхэмрэ. Ц1ыхубзхэм унагъуэми лэжьыгъэ 1энат1эми щагъэзащ1э 1уэхугъуэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэм щыгъуазэ щ1ын. Анэм теухуа адыгэ псалъэжьхэр.

**Гъатхэр дунейм и щ1эрэщ1эгъуэщ.** Гъатхэ зэманым, псэущхьэхэм я гъатхэ гъащ1эм, япэрей щхъуант1агъэхэм, гъэгъахэм, удз дахэхэм, ц1ыхухэм я гъатхэ лэжьыгъэм, я 1уэхущ1афэ щхьэхуэхэм, сабийхэм я гъатхэ джэгук1эхэм, къинэмыщ1 1уэхугъуэ

Щхьэхуэхэми ятеухуауэ тхыгъэхэр. Гъатхэм теухуа адыгэ псалъэжьхэр, нэщэнэхэр.

Мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ дарителъхьэщ.

Дунейр мамыру щытыну, ц1ыхухэм яку зэныбжьэгъугъэрэ къуэшыгъэрэ дэлъыну къыхуезыджэ усэхэмрэ рассказхэмрэ щыгъэгъуэзэн.

Мамырыгъэм, зэныбжьэгъугъэм, къуэшыгъэм теухуа адыгэ псалъэжь зыбжамэхэм щыгъуазэ щ1ын.

**Мамырыгъэмрэ лэжьыгъэмрэ я Махуэшхуэ.** Майм_и **1**-р зэрагъэмахуэшхуэр къызыхэщ тхыгъэхзр. Ди къэралым щыпсэу лъэпкъ зэмыл1эужьыгъуэхэмрэ хамэ къэралхэм щыпсэу гуащ1эрыпсэухэмрэ я зэныбжьэгъугъэм теухуа хъыбархэмрэ усэхэмрэ.

Лэжьыгъэм теухуа нэщэнэхэм ящыщ зыбжанэм щыгъэгъуэзэн.

**Тек1уэныгъэм и махуэ.** Хэку зауэшхуэм и зэманым ди зауэл1 л1ыхъужьхэм зауэ 1энат1эм, гугъуехьак1уэхэм лэжьыгъэм щагъэзэш1а 1уэхугъуэхэм, Тек1уэныгъэм и махуэм, ц1ыхухэм езыхэр зэрыпхъуак1уэ нэмыцэхэм къа1эщ1эзыха ди ц1ыхухэм, псом хуэмыдэу ди зауэл1хэм, хуащ1 ф1ыщ1эмрэ пщ1эмрэ нэхъыфу къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ щхьэхуэхэм щыгъуазэ хуэщ1ын.

Л1ыхъужьыгъэм теухуа адыгэ псалъэжьхэм ящыщ зыбжанэм щыгъэгъуэзэн.

**Ди Хэкур.** Хэкумрэ лъахэмрэ я теплъэм, абыхэм я къуажэхэмрэ къалэхэмрэ я щытык1эм, ди ц1ыху гуащ1аф1эхэм я лэ- жьыгъэф1ым, ахэр мамырыгъэм зэрыш1эбэным теухуа усэхэмрэ хъыбархэмрэ.

«Ди къалэр», «Ди къуажэр» («Ди районыр», «Ди уэрамыр») жыхуи1э экскурсие

## 3 класс

Къагъырмэс Б. Сабий уэрэд. (Кагермазов Б. «Детская песня».)

**Адыгэ IуэрыIуатэ Адыгское устное народное творчество.** Псалъэжьхэр. Къуажэхьхэр. ПсынщIэрыпсалъэхэр (Пословицы. Загадки. Скороговорки). «Насып», «ШыкъумцIий» таурыхъхэр (Сказки «Счастье», «Шикумций»).

**Теория литературы:** устное народное творчество.

**Дыкъэзыухъуреихь дунейр (Мир вокруг нас).** Шорэ А. «Папэ и жыг» (Шоров А. «Папино дерево»). Шыбзыхъуэ М. «Мэзым» (Шебзухов М. «В лесу»). Къагъырмэс Б. «Ди мэзым» (Кагермазов Б. «У нас в лесу»). ЩоджэнцIыкIу А.«КIущэ нагъуэ» (Шогенцуков А. «Сероглазый Куша»).

**Бжьыхьэ (Осень).** Хьэх С. «Бжьыхьэ» (Хахов С. «Осень»). Журт Б. «Гуэлым» (Журтов Б. «На озере»). Хьэнфэн А. «Дадэрэ жыг хадэмрэ» (Ханфенов А. «Дедушка и сад»). Сонэ А. «Бжьыхьэ» (Сонов А. «Осень»).

**Сабийхэм я хьэл-щэныр (Характеры детей).** Ацкъан Б. «Боцэ» (Ацканов Р. «Боца»). Гъубжокъуэ Л. «ЯмыцIыху щIалэ цIыкIу» (Губжоков Л. «Незнакомый мальчик»). Налшык М. «Быцэ» (Нальчиков М. «Быца»).

**Теория литературы:** прозаические произведения, рассказ.

**ЩIымахуэ (Зима).** Елгъэр Кашиф. «ИлъэсыщIэ» (Эльгаров К. «Новый год»). Тхьэмокъуэ Б. «Бзу» (Тхамоков Б. «Птица»). Шыбзыхъуэ М. «КIэху» (Шебзухов М. «Белый хвост»). Иуан Б. «ЩIымахуэр – мэзым» (Иванов Б. «Лес зимой»).

**Лэжьыгъэм цIыхур егъэлъапIэ (Труд красит человека).** Iуэху цIыкIу щыIэкъым, лIы цIыкIу мыхъумэ» хъыбар («Маленьких дел не бывает, бывают маленькие люди», предание). «ПIастэр къыздикIри кIэртIофыр щIагъэкIри пщыгъупщэжынкъым» таурыхъ) («Будешь помнить откуда берется паста и для чего выращивают картошку», сказка). «Дыщэ сом», таурыхъ (Золотая монета (сказка). Мэзыхьэ Б. «Уэт лIы!» (Мазихов Б. «Вот мужчина!»). Дэбагъуэ М. «ПхъащIэ цIыкIу» (Дабагов М. «Маленький плотник»). АфIэунэ Л. «Адыгэ цей» (Афаунов Л. «Кабардинская черкеска»). КIуантIэ I. «Фэеплъ» (Куантов А. «На память»). КIэмыргуей Т. «Лэжьыгъэ урок» (Кемиргоев Т. «Урок труда»).

**Гъатхэ. (Весна).** Тхьэмокъуэ Б. «ЩIымахуэкIэ» (Тхамоков Б. «Конец зимы»). Къуныжь Хь. «Март мазэ» (Кунижева Х. «Март месяц»). Мэз А. «Мыщэ жейнэд» (Мезов А. «Медведь соня»). Елгъэр К. «Тыгъэ лъапIэ» (Эльгаров К. «Дорогой подарок»). КIэщт М. «Бжэндэхъу анэ» (Кештов М. «Скворчиха»). Хьэкъун И. «Гъатхэ махуэ» (Хакунов И. «Весенний день»). Ацкъан Р. «Пшэхэр» (Ацканов Р. «Тучи»).

**Хэкур хъумэныр къалэн лъапIэщ (День Победы).** Майм и 9-р ТекIуэныгъэм и махуэшхуэщ (9 мая – День Победы). Бицу А. «Лъахэр я фэеплъщ» (Бицуев А. «Отчизна – память о них»). КхъуэIуфэ Х. «Летчик хахуэ» (Кауфов Х. «Храбрый летчик»). Елгъэр К. «ТекIуэныгъэм и махуэшхуэ» (Эльгаров К. «Великий День Победы»).

**Теория литературы: п**ерсонаж, главный герой.

**Гъэмахуэ (Лето).** Хьэнфэн А. «Мэз хъыбар» (Ханфенов А. «Случай в лесу»). Тхьэмокъуэ Б. «Хьэрун дадэрэ ТIалэ цIыкIурэ» (Тхамоков Б. «Дед Харун и маленький Таля»). Гугъуэт М. «Дыгъэр сурэтыщIщ» (Куготова М. «Солнце – художник»).

**Гъэ псом яджам къытегъэзэжын (Повторение изученного за год).**

**Бзэм зезыгъэужь урокхэр (Уроки развития речи).** Рзвернутые ответы на вопросы, устные сочинения по картине.

**КлассщIыб лэжьыгъэ (Уроки внеклассного чтения**.) Понятия «Адыгэ Хабзэ («Адыгский этикет»)», «напэ» («честь, совесть»), «пщIэ» («уважение»).

## Тематическое планирование

| №№ п/п | Тема раздела | Коли-во часов | В том числе | |
|---|---|---|---|---|
| | | | **внеклассное чтение** | **сочинения** |
| | **1 класс** | | | |
| 1 | Къеджэк1эмрэ тхэк1эмрэ щыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм къызэщ1еубыдэ | 7 | | |
| 2 | Азбукэр щрагъэдж лъэхъэнэ | 84 | | |
| 3 | Азбукэ нэужь лъэхъэнэ | 8 | | |
| | **Итого** | **99** | | |
| | **2 класс** | | | |
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ | 2 | | |
| 2 | Адыгэ 1уэры1уатэ | 12 | | |
| 3 | Гъэм и зэманхэр | 5 | | |
| 4 | Къуажэмрэ къалэмрэ | 5 | 1 Классщ1ыб джыныгъэ. Псалъэжьхэр IуэрыIуатэм и пкъыгъуэхэм щыщщ. Псалъэжьхэр | 1 Сочиненэ «Бжьыхьэ дыщафэ». |
| 5 | Ди ныбжьэгъуфI псэущхьэхэр | 8 | 1. Шорэ Хь. «Лъапэху». | |
| 6 | ЩIымахуэ | 9 | 1. Елгъэр Кашиф «ИлъэсыщIэ». | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 7 | Дапщэщи щапхъэу щыт | 5 | 1 КIуантIэ Iэзид «Фэеплъ». | |
| 8 | Дунейпсо цIыхубз махуэ-шхуэр | 6 | 1 Тхьэмокъуэ Барэсбий «ЩIымахуэ». | 1 Сочиненэ «Си мамэ». |
| 9 | Лэжьыгъэр гуфIэгъуэщ | 4 | | |
| 10 | Гъатхэ | 6 | 1 Гугъуэт Масирэт «Дыгъэр сурэтыщIщ». | 1 Сочиненэ «Гъатхэ». |
| 11 | Гъэмахуэ | 6 | | |
| | **Итого** | **68** | **6** | **3** |
| | **3 класс** | | | |
| 1 | Си Хэку | 2 | | |
| 2 | Iуэры1уатэ | 8 | 1. Псалъэжьхэр IуэрыIуатэм и пкъыгъуэхэм щыщщ. Псалъэжьхэр | 1 Сочиненэ «Бжьыхьэ дыщафэ». |
| 3 | Дыкъэзыухъуреихь дуней | 7 | 1. Шорэ Хь. «Лъапэху». | |
| 4 | Бжьыхьэ | 4 | | |
| 5 | Сабийхэм я хьэл-щэныр | 6 | | |
| 6 | Щ1ымахуэ | 7 | 1.. Елгъэр Кашиф «ИлъэсыщIэ». | |
| 7 | Лэжьыгъэм ц1ыхур егъэлъап1э | 11 | 1 КIуантIэ Iэзид «Фэеплъ». | |
| 8 | Дунейм и щ1эрэщ1эгъуэ | 9 | 1 Тхьэмокъуэ Барэсбий «ЩIымахуэ». | 1 Сочиненэ «Си мамэ». |
| 9 | Хэкур хъумэныр къалэн лъап1эщ | 5 | | |
| 10 | Гъэмахуэ | 9 | 1 Гугъуэт Масирэт «Дыгъэр сурэтыщIщ». | 1 Сочиненэ «Гъатхэ». |
| | **Итого** | **68** | **6** | **3** |
| | **4 класс** | | | |
| 1 | Адыгэ 1уэры1уатэ | 9 | | |
| 2 | Бжьыхьэ | 2 | | |
| 3 | Щ1ымахуэ | 3 | | |
| 4 | Дэпщэщи щапхъэу щыт | 5 | | |
| 5 | Си Хэку | 4 | | |
| 6 | Гъатхэ | 3 | | |
| 7 | Гъэунэхуныгъэ инхэм я зэманым | 5 | | |
| 8 | Дыкъэзыхъурейхь дунейр | 7 | | |
| 9 | Лэжьыгъэм ц1ыхур егъэбжьыф1э | 4 | | |
| 10 | Хабзэм щыщхэр | 3 | | |
| 11 | Гъэмахуэ | 5 | | |
| 12 | Зэджар къапщытэжын | 1 | | |
| | **Итого** | **51** | | |